



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON KI PWOTEJE VIKTIM VYOLANS DOMESTIK

Lejislasyon (S.8417B/A.9601B) entèdi diskriminasyon kont viktim vyolans domestik yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon ki pwoteje viktim vyolans domestik yo kont diskriminasyon. Lejislasyon (S.8417B/A.9601B) elaji pwoteksyon pou viktim vyolans domestik yo nan domèn diskriminasyon kote yo pa te gen garanti anvan, tankou lojman ak akomodasyon piblik. Nan siyen lejislasyon sa, Gouvènè Hochul te akonpli yon priyorite lejislatif kle li te pwopoze nan Ajanda Eta Leta 2022 li a.

"Pandemi an te mennen nan yon ogmantasyon vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks ki dechire kè, epi New York dwe kanpe byen djanm pou pwoteje sivivan yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Depi lè mwen te ede manman mwen ouvri yon lojman pou sivivan vyolans domestik yo, mwen te fè sa tounen yon priyorite pèsònèl pou m fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou kanpe avèk sivivan yo epi sipòte yo. Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa, yon etap enpòtan pou asire sivivan yo kapab jwenn aksè san danje ak sèvis yo bezwen san krenn diskriminasyon oswa reprezay".

Pwojè lwa sa a pral elaji kouvèti nan kad Lwa sou Dwa Moun nan ak amelyore aksè nan pwosesis plent Divizyon Dwa pou Moun nan pou viktim vyolans domestik yo nan entèdi diskriminasyon kont viktim vyolans domestik nan chak kontèks ke lwa anti-diskriminasyon New York la, sa gen ladan lojman, edikasyon ak akomodasyon piblik yo.

Anvan sa, viktim vyolans domestik yo te sèlman kouvri kòm yon klas pwoteje anba dispozisyon Lwa sou Dwa Moun. Sepandan, travay non sèlman se kontèks kote yon viktim ka fè fas ak diskriminasyon, sa ki rann ekspansyon sa nan lòt domèn tankou lojman ak akomodasyon piblik nesèsè yo, ak mete sou pye tou yon pèspektiv santre, adapte sou twomatis ak kilti pou repons Eta New York anvè sivivan yo.

Lwa sou Dwa Moun nan New York se lwa anti-diskriminasyon ki pi ansyen nan peyi a, epi New York te premye eta ki te kreye yon ajans pèmanan pou ranfòse lwa sou anti-diskriminasyon yo. Pwojè lwa ke Gouvènè a siyen jodi a reflète angajman kontinyèl Eta New York pou elaji pwoteksyon Lwa sou Dwa Moun ak asire ke tout Nouyòkè yo kapab viv san diskriminasyon.

Senatè Eta Roxanne Persaud te deklare, "Diskriminasyon kont viktim ak sivivan vyolans domestik yo agrave obstak yo deja fè fas nan rekipere ak rekonstwi lavi yo. Mwen fyè pou m travay avèk Gouvènè Hochul nan kodifye pwoteksyon sa yo kont diskriminasyon nan lojman, kredi, akomodasyon piblik, enstitisyon edikatif ak lòt domèn kote sivivan yo sibi difikilte ekseksif. Mwen rekonesan tou anvè kòlèg mwen, Manm Asanble Nikki Lucas, dèske li entwodui lejislasyon trè enpòtan sa. Okenn Nouyòkè pa ta dwe fè fas ak diskriminasyon kòm yon viktim oswa sivivan vyolans domestik".

Manm Asanble Nikki Lucas te deklare, "Viktim vyolans domestik yo fè fas ak yon seri difikilte men konbat diskriminasyon pa ta dwe youn nan yo. Pwojè lwa sa ajoute pwoteksyon pou viktim yo nan kad Lwa sou Dwa Moun nan, anvan lejislasyon sa, te sèlman pwoteje viktim yo kont diskriminasyon nan travay. Pwojè lwa sa gen ladan pwoteksyon nan domèn lojman ki gen asistans piblik, lojman prive, pwogram fòmasyon nan aprantisaj, akomodasyon piblik, pwofesyonèl imobilye ak lòt domèn. Mwen kontan anpil dèske tout moun te adopte lejislasyon an, repibliken ak demokrat te vote pwojè lwa a. Mwen kontan tou ke Gouvènè Hochul te priyore siyati pwojè lwa sa byen vit".

Vyolans domestik se yon pwoblèm grav ke plizyè santèn milye Nouyòkè ap fè fas, espesyalman fanm yo. An 2020, te gen 165,577 òdonans pwoteksyon kont vyolans domestik ki te emèt nan Eta New York, dapre Biwo Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Eta New York la. Pandan pandemi COVID-19 la, pwoblèm yo te agrave, avèk apèl nan liy telefonik Eta New York la ki ogmante nan 45 pousan.

Lejislasyon sa chita sou akonplisman Gouvènè a nan bidjè Ane Fiskal 2023 ki adopte ane sa a, sa gen ladan apeprè 90 milyon dola nan finansman pou pwogram vyolans domestik ak agresyon seksyèl ak èd pou sivivan ak fanmi yo. Gouvènè a te repati tou 14.4 milyon dola bay Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) lan pou sipòte founisè sèvis pou viktim yo ak pèmèt pwogram yo ofri yo kontinye fonksyone san entèripsyon - malgre gwo pèt nan finansman federal Lwa pou Viktim Krim nan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418